# Reyouvèti New York



## Direktiv pou Edikasyon Siperyè

Rekòmandasyon sa a gen entansyon adrese tout kalite enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn, ki enkli men pa limite a kolèj kominotè ak adolesan, inivèsite yo, lekòl siperyè ak pwofesyonèl, lekòl medikal ak lekòl teknik yo. Enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope epi soumèt yon plan pou re-ouvri ak opere pou dire ijans sante piblik COVID-19 la. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education) ak "Lis Kontwòl pou Plan Re-ouvèti Enstitisyon Edikasyon Siperyè" (Checklist for Higher Education Institutions Reopening Plans) pou plis enfòmasyon.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè nan enstitisyon edikasyon siperyè yo responsab pou rete ajou ak nenpòt ki dènye nouvèl sou egzijans lokal, eta, ak federal ki gen rapò ak edikasyon siperyè ak aktivite oksilyè ak enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik ki Rekòmande yo |
|---|---|---|
| **Distans Fizik** | ✓ Nenpòt lè moun yo dwe vin a 6 pye de yon lòt moun ki pa'p viv nan menm kay ak yo (sa vle di, kolokatè), yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Yo pa ta dwe entèprete pwovizyon lwa sa a pou mande distans fizik ant kolokatè yo oswa pou mande yo mete mask pou kouvri figi yo pandan yo anndan kay yon moun.<br><br>✓ An konsiltasyon ak depatman sante lokal la, idantifye kote etidyan ki te ekspoze a, oswa ki enfekte ak, COVID-19 yo pral viv ak jan nou pral konble nesesite jounalye yo (pa egzanp, manje ak medikaman) si li vin nesesè pou yo pase yon peryòd an karantèn oswa izòlman.<br><br>✓ Fè referans a lis enstwiksyon espesifik pou sektè sa a ke Depatman Sante a (Department of Health, DOH) te bay yo – epi ki disponib sou sit entènèt New York Forward lan – pou fonksyònman sal kantin, espas rechèch, espas biwo, jimnaz, transpò, magazen an detay yo, ak lòt aktivite yo, jan sa aplikab. | ✓ Asire nou ke nou toujou kenbe yon distans omwen 6 pye ant moun yo lè yo sou kanpis yo, ki enkli anplwaye ak etidyan yo, nan mezi sa posib ak lè yo chita nan yon etablisman sal klas oswa reyinyon yo, amwens ke sekirite aktivite prensipal yo (pa egzanp, pou deplase ekipman yo) mande yon distans ki pi kout oswa moun yo ap viv nan menm kay.<br><br>✓ Modifye oswa rekonfigire espas yo ak/oswa limite itilizasyon sal klas yo ak lòt espas kote etidyan ak anplwaye yo rasanble, pou ke moun yo ka omwen a 6 pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanp, bò kote lòt ak lè yo fas a fas) epi yo p'ap pataje lokal travay yo san netwayaj ak dezenfeksyon ki fèt ant chak itilizasyon.<br><br>✓ Konsidere yon melanj klas tradisyonèl an pèsòn ak klas a distans yo depandamman de nesesite etidyan yo (pa egzanp, popilasyon ki vilnerab yo), kapasite teknolojik, ak/oswa imedyatman apre peryòd ki gen anpil vwayaj yon nivo istorik yo (pa egzanp, limite klas an pèsòn yo pandan peryòd vwayaj vakans yo), pami lòt mezi pou ka redwi rasanbleman an pèsòn yo.<br><br>✓ Lè ka COVID-19 yo ap devlope, konsidere limite kontak sosyal ak deplasman sou kanpis yo, patikilyèman nan espas ki afekte yo.<br><br>✓ Redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo apati itilizasyon tep oswa siy ak flèch yo nan koulwa oswa toupatou sou kanpis la. Fè sèkl distans 6 pye alantou biwo, lokal travay yo, ak espas komen yo kote li pwobab pou moun rasanble yo (pa egzanp, bibliyotèk yo, sant etid yo, tèren gazon yo).<br><br>✓ Detèmine ki etablisman sou kanpis yo (pa egzanp, bibliyotèk, sal etid yo, etablisman rekreyatif yo) ki pral fèmen pou popilasyon jeneral la (sa vle di, moun ki pa etidyan ak anplwaye yo) oswa ofri orè espesifik ki limite pou manm popilasyon jeneral la.<br><br>✓ Limite vizitè yo a sèlman "moun yo te envite yo", ke yo prevwa pral respekte tout pwotokòl batiman/kanpis yo, epi mande yo Kat Idantite etidyan/enstitisyonèl yo pou yo ka rantre nan batiman sou kanpis yo. |




# Reyouvèti New York

## Direktiv pou Edikasyon Siperyè

Rekòmandasyon sa a gen entansyon adrese tout kalite enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn, ki enkli men pa limite a kolèj kominotè ak adolesan, inivèsite yo, lekòl siperyè ak pwofesyonèl, lekòl medikal ak lekòl teknik yo. Enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope epi soumèt yon plan pou re-ouvri ak opere pou dire ijans sante piblik COVID-19 la. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education) ak "Lis Kontwòl pou Plan Re-ouvèti Enstitisyon Edikasyon Siperyè" (Checklist for Higher Education Institutions Reopening Plans) pou plis enfòmasyon.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè nan enstitisyon edikasyon siperyè yo responsab pou rete ajou ak nenpòt ki dènye nouvèl sou egzijans lokal, eta, ak federal ki gen rapò ak edikasyon siperyè ak aktivite oksilyè ak enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik ki Rekòmande yo |
|---|---|---|
| **Distans Fizik** | | ✓ Dekale orè yo pou ka pèmèt plis tan ant klas yo pou ka redwi rasanbleman sou twotwa ak nan batiman yo.<br><br>✓ Chanje elaborasyon orè klas yo pou ka kreye gwoup oswa seksyon etidyan (pa egzanp, orè A/B oswa seksyon klas yo) pou redwi risk transmisyon pami etidyan yo. |
| **Ekipman pou Pwoteksyon yo** | ✓ Nenpòt lè moun yo dwe vin a 6 pye de yon lòt moun ki pa'p viv nan menm kay ak yo (pa egzanp, kolokatè), yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo.<br><br>✓ Enfòme anplwaye, etidyan ak vizitè yo ke yo dwe mete mask ki kouvri figi yo lè yo nan espas komen oswa nan sitiyasyon kote li difisil pou yo kenbe distans sosyal, tankou lè yo monte nan asansè, lè yo ap rantre/soti nan sal klas yo oswa sant etidyan yo, epi lè y'ap vwayaje sou kanpis la.<br><br>✓ Bay anplwaye yo yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak etidyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo.<br><br>✓ Fòme anplwaye yo sou fason pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab) ak jete PPE yo. Konsilte enstwiksyon CDC yo pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl. | ✓ Mete an plas plan ki pou limite pataj atik yo, tankou laptòp, òdinatè pòtab, ekran taktil, ak atik pou ekri yo, epi evite manyen sifas plizyè moun manyen yo, tankou tab konferans yo. |
| **Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon** | ✓ Adere a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis ki gen ladan yo dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo. Idantifye frekans netwayaj ak dezenfeksyon yo pou chak tip etablisman epi bay responsabilite.<br><br>✓ Bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo ntoupatou nan enstitisyon an, ki enkli lave men yo ak savon, dlo cho ki ap kouri, ak sèvyèt papye yo ka jete yo, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl oswa pi plis pou espas kote li pa posib pou moun lave men yo. | ✓ Mete dezenfektan pou men yo disponib toupatou nan espas komen yo epi itilize distribitè ki san kontak yo kote sa posib.<br><br>✓ Mete poubèl tou pre enstitisyon an pou moun ka jete bagay ki sal yo, ki enkli PPE yo.<br><br>✓ Bay sèvyèt mouye ke yo ka jete pou anplwaye yo ka siye sifas ke plizyè moun itilize souvan yo (pa egzanp, klavye, biwo, telekòmand yo) anvan/apre chak itilizasyon.<br><br>✓ Enstale ekipman san kontak yo (pa egzanp, fontèn dlo, poubèl fatra, distribitè sèvyèt papye yo), kote ki posib. |

WEAR A MASK. GET TESTED. SAVE LIVES.

# Reyouvèti New York




## Direktiv pou Edikasyon Siperyè

Rekòmandasyon sa a gen entansyon adrese tout kalite enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn, ki enkli men pa limite a kolèj kominotè ak adolesan, inivèsite yo, lekòl siperyè ak pwofesyonèl, lekòl medikal ak lekòl teknik yo. Enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope epi soumèt yon plan pou re-ouvri ak opere pou dire ijans sante piblik COVID-19 la. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education) ak "Lis Kontwòl pou Plan Re-ouvèti Enstitisyon Edikasyon Siperyè" (Checklist for Higher Education Institutions Reopening Plans) pou plis enfòmasyon.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè nan enstitisyon edikasyon siperyè yo responsab pou rete ajou ak nenpòt ki dènye nouvèl sou egzijans lokal, eta, ak federal ki gen rapò ak edikasyon siperyè ak aktivite oksilyè ak enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik ki Rekòmande yo |
|---|---|---|
| Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye) | ✓ Nou dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan etablisman yo, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou sifas yo manyen souvan yo. Konsilte pwodwi Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm efikas kont COVID-19.<br><br>✓ Asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo.<br><br>✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo nan ka ke gen yon moun ke yo konfime ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo. Refere nou a lis enstwiksyon CDC yo. | ✓ Pi bon pratik pou nou mete sou pye nan twalèt (kolektif) rezidansyèl moun pataje yo enkli men pa sèlman:<br>• Enstale baryè fizik ant douch, twalèt, ak lavabo yo si li pa posib pou mete separasyon 6 pye yo.<br>• Itilize distribitè sèvyèt papye yo olye de sechwa ak lè yo.<br>• Lè konfigirasyon batiman an pèmèt sa, chwazi twalèt ki kolektif nan etaj batiman rezidansyèl yo pou moun oswa chanm espesifik itilize pou ka limite kontaminasyon toupatou, epi ede nan kontwòl sikilasyon yo.<br>• Limite estokaj atik pèsonèl yo nan twalèt kolektif yo. |
| Kominikasyon | ✓ Deklare ke ou te revize epi konprann lis enstwiksyon espesifik pou sektè sa a epi soumèt plan reyouvèti yo anvan ou retounen ouvri.<br><br>✓ Poste byen klè plan reyouvèti konplè yo pou anplwaye ak etidyan yo ka aksede a yo. | ✓ Diskite ak manm kominote sou kanpis yo (pa egzanp, anplwaye, etidyan, òganizasyon ki enterese yo) lè nou ap devlope plan reyouvèti yo.<br><br>✓ Devlope yon plan kominikasyon pou etidyan, paran oswa gadyen legal yo, anplwaye, ak vizitè yo ki gen ladan enstwiksyon, fòmasyon, ak afichaj ki gen rapò ak reyouvèti a, ak yon mwayen ki konsistan pou bay moun yo enfòmasyon.<br><br>✓ Ankouraje tout etidyan, fakilte, pèsonèl, ak vizitè yo respekte enstwiksyon CDC/DOH pase yo konsènan itilizasyon PPE yo, espesyalman mask pou kouvri figi yo lè yo pa ka kenbe distans 6 pye a, atravè kominikasyon vèbal ak afichaj yo.<br><br>✓ Chwazi pwen kontak oswa kowòdonatè yo ki pou vin pwen kontak prensipal lè nou idantifye ka ki pozitif yo epi ki responsab pou kominkasyon apre sa yo. Kowòdonatè yo ta dwe responsab pou yo reponnn kesyon ke etdiyan ak anplwaye yo genyen sou eta ijans sante piblik pou COVID-19 la ak plan ke enstitisyon an te mete sou pye yo.<br><br>✓ Si sa posib, kowòdonatè yo ta dwe travay de prè tou ak depatman sante lokal ak lòt enstitisyon edikasyon siperyè yo pou ka sipèvize kondisyon sante piblik yo epi devlope ansanm estrateji sipèvizyon yo. |

WEAR A MASK. GET TESTED. SAVE LIVES.

# Reyouvèti New York




## Direktiv pou Edikasyon Siperyè

Rekòmandasyon sa a gen entansyon adrese tout kalite enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn, ki enkli men pa limite a kolèj kominotè ak adolesan, inivèsite yo, lekòl siperyè ak pwofesyonèl, lekòl medikal ak lekòl teknik yo. Enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope epi soumèt yon plan pou re-ouvri ak opere pou dire ijans sante piblik COVID-19 la. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education) ak "Lis Kontwòl pou Plan Re-ouvèti Enstitisyon Edikasyon Siperyè" (Checklist for Higher Education Institutions Reopening Plans) pou plis enfòmasyon.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè nan enstitisyon edikasyon siperyè yo responsab pou rete ajou ak nenpòt ki dènye nouvèl sou egzijans lokal, eta, ak federal ki gen rapò ak edikasyon siperyè ak aktivite oksilyè ak enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik ki Rekòmande yo |
|---|---|---|
| **Evalyasyon yo** | ✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa (pa egzanp, kesyonè, verifikasyon tanperati yo) pou anplwaye, etidyan yo, epi lè sa posib, pou vizitè ki planifye yo (pa egzanp, gwoup vizit sou kanpis yo), epi poze yo kesyon sou, pou pi piti: (1) sentom COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, (2) tès COVID-19 ki pozitif pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, ak/oswa (3) kontak tou pre oswa bò kote moun ki konfime oswa yo sispèk ki gen COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo. Yo dwe revize repons evalyasyon yo chak jou epi yo dwe dokimante revizyon sa a.<br>✓ Yo dwe evalye chak jou anplwaye ki ap vini nan travay sou kanpis yo.<br>✓ Yo dwe evalye etidyan yo yon fason peryodik jan ke enstitisyon edikasyon siperyè a te detèmine, men pa gen obligasyon pou nou evalye yo chak jou.<br>✓ Yo dwe imedyatman voye yon moun ke yo evalye kòm moun ki pozitif pou ekspozisyon oswa sentom COVID-19 yo lakay yo, nan rezidans yo, oswa nan lokal karantèn oswa izòlman ke yo te chwazi ak enstwiksyon oswa aranjman pou evalyasyon ak tès sante yo.<br>✓ Enfòme depatman sante eta ak lokal yo imedyatman sou ka ki konfime ki pozitif yo.<br>✓ Nan ka ke yon moun te teste pozitif, devlope plan ak depatman sante lokal yo pou depiste tout kontak moun nan yo, konfòmeman a Pwogram Depistaj Kontak Eta New York (New York State Contact Tracing Program) la. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a | ✓ Fè tès pou etidyan, fakilte, ak/oswa pèsonèl ki ap fè entèraksyon ak etidyan yo pou COVID-19 apati itilizasyon yon tès dyagnostik molekilè anvan oswa kou yo rive. Si sa posib, retounen fè tès pou moun yo 7 a 14 jou apre yo rive, oswa kou yo devlope sentom yo.<br>• Yo rekòmande, pou piti, pou teste etidyan yo ki ap rive ki soti nan lòt eta/peyi yo apre yo fin rive.<br>• Retounen fè tès pou moun ki soti nan lòt eta/peyi yo 7 a 14 jou apre yo rive, oswa kou yo devlope sentom yo.<br>• Moun ki vin prezante sentom yo men ki gen yon rezilta tès pou COVID-19 ki negatif yo ta dwe kontinye rete lakay yo oswa an izòlman pandan ke yo malad, epi konsilte founisè swen sante yo sou nesesite pou fè tès adisyonèl ak lè pou yo rekòmanse ak aktivite nòmal yo.<br>• Nan enstitisyon edikasyon siperyè rezidansyèl yo, detèmine si nou dwe separe etidyan yo lè yo rive jiskaske yo ka pase tès epi rezilta tès yo negatif.<br>✓ Fè evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), nan mezi sa posib.<br>✓ Devlope sistèm tès yo sou kanpis yo oswa sistèm pou fè pwòp tès yo, jan sa posib.<br>✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante pou vizitè yo pa't planifye yo (pa egzanp, manm popilasyon an ke yo pèmèt itilize etablisman kanpis yo).<br>✓ Yo ka fè verifikasyon tanperati yo konfòmeman a lis enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego (Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo.<br>✓ Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe resevwa epi yo ta dwe itilize PPE yo, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo.<br>✓ Ofri teknoloji depistaj ak trasaj kontak ki opsyonèl (pa egzanp, aplikasyon mobil yo) pou òganize pwosesis depistaj kontak ak kominikasyon yo pami mendèv ak kominote etidyan yo. |

# Reyouvèti New York



## Direktiv pou Edikasyon Siperyè

Rekòmandasyon sa a gen entansyon adrese tout kalite enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn, ki enkli men pa limite a kolèj kominotè ak adolesan, inivèsite yo, lekòl siperyè ak pwofesyonèl, lekòl medikal ak lekòl teknik yo. Enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope epi soumèt yon plan pou re-ouvri ak opere pou dire ijans sante piblik COVID-19 la. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education) ak "Lis Kontwòl pou Plan Re-ouvèti Enstitisyon Edikasyon Siperyè" (Checklist for Higher Education Institutions Reopening Plans) pou plis enfòmasyon.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè nan enstitisyon edikasyon siperyè yo responsab pou rete ajou ak nenpòt ki dènye nouvèl sou egzijans lokal, eta, ak federal ki gen rapò ak edikasyon siperyè ak aktivite oksilyè ak enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik ki Rekòmande yo |
|---|---|---|
| **Evalyasyon yo (kontinye)** | | ✓ Fè patenarya ak depatman sante lokal yo pou kapab fòme pèsonèl ak etidyan yo pou ka antreprann efò depistaj kontak yo pou popilasyon sou kanpis yo, kote sa posib.<br><br>✓ Refere nou a "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou moun ki ap chèche tounen nan travay oswa sal klas yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke moun yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19. |